A Satan anorwisa Jesu:

- **Mwana anobvutwa. Zvakazarurwa 12:1-6.**
  - Mukadzi.
    (1) Sangano ra Mwari (2Co. 11:2; Rwiyo 6:10).
    (2) Akapfeka se zuva rekururama, Kristu (Mal. 4:2)
    (3) Pamwedzi. Kuzembera paShoko ra Mwati, kuzarurwa kwe mbiri ya Kristu
  - Shato huru.
    (1) Satani (Zva. 12:9).
    (2) Muswe wake unoshandiswa kunyengera (Is. 9:14-15)
    (3) Akanyengerwa chikamu chimwe muzvitatu zve ngirozi akazvikandira pa Nyika (Zva. 12:4)
  - Mwana.
    (1) Jesu,achatonga netsvimbo ye dare(Zva. 19:15)
    (2) Akatorwa kuiswa kudenga kuti asimudzirwe (Mabasa 2:33)
- **Satani Anokurirwa. Zvakazarurwa 12:7-12.**
  - Apo Satani akapanduka ku Denga,akakandirwa mu"ngetani dzerima." (Is. 14:12-15; 2P. 2:4)
  - Mwari akamubvumira kuti apinde mu Denga semumiriri wepano pasi patiri (Jobho 1:6; 2:1).
  - Kubva parufu rwa Jesu,akagumirwa nemukana wekupinda mu Denga.Ngirozi nedzimwe nyika dzisina kutadza vakunyatsonzwisisa hunhu hwa Satani (Zva. 12:9-12).
  - Satani akakurirwa,asi anobvumirwa kuti atonge pa Nyika uye nevagari vepa Nyika asi aine pekugumira.

B Satani anorwisa Sangano:

- **Mukadzi ari murenje. Zvakazarurwa 12:13-16.**
  - Satani akagumbuka paakadzingwa ku Denga,nokudaro akaedza kukanganisira Mwari nekurwisa chaanodisa kwazvo iye Mwari:Sangano Rake (Zec. 2:8).
  - Mvura zhinji dzinoshandiswa ne shato kurwisa Sangano dzvene ndidzo dzimwedzo apo sangano rakapanduka dzinomira padziri:ruzhinji rusina kutendevuka (Zva. 12:15; 17:15).
  - Avo vakaramba vakasimbira kuna Mwari vakatambudzwa,zvikuru sei pakati pemakore 538 AD na 1798 AD (kwemakore 1,260).
  - Vakatsvaga vutiziro kunzvimbo dzaiva nevanhu vashoma(murenje).Semunzaniso,ma Waldensians ne Madzibaba vaifamba vakaita saizvozvo.
- **Musaririrwa. Zvakazarurwa 12:17.**
  - Musaririrwa unonyuka mushure megore ra 1798 AD. Uchava nehunhu huviri:
    (1) Vanochengeta Mitemo ya Mwari
      (a) Hondo yekugumisira ichange iine nyaya yekunamata Mwari kana chikara
      (b) Zvinosanganisira mitemo 4 yekutanga,kunyanya we Sabata (Zva. 14:7)
    (2) Vane kupupura kwa Jesu Kristu
      (a) Zvakazarurwa 19:10 inotsanangura kuti "kupupura kwa Jesu ndiwo mweya wechiporofita"
      (b) Kubva 1844, mweya wechiporofita wakaratidzwa kubudikidza nehushumiri nezvinyorwa zva Ellen G. White

C Zano ra Satani.

- Basa ra Satani rekunyengera ibazi re nyaya iri kubva muna Zvakazarurwa 12:9 kusvika 20:7-10. Zvinotariswa ne ndima iyi zviitiko panguva yekupedzisira.
- Basa iri rinoitwa ne shato huru (kutenda kwazvino kuti vakafa havafi zvirokwazvo), chikara chinobva mugungwa (Tsika dze Roman Catholic) nechikara chinobva panyika (maProtestant akatsauka) [wona Marko 13:22].